


**NaMutungamiri
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga
muHutungamiri Hwekutanga



Tariro yeRudo rweMhuri yoKusingaperi

Pazvipo zvose izvo Baba vedu Vokudenga vano-
rudo zvavakapa kuvana Vavo, chikurusa ndeicho
cheupenyu hwokusingaperi (ona D&Z, 14:7).

Chipo ichocho ndechokugara pamberi paMwari Baba
neMwanakomana Wavo Anodikanwa nariinhi mumhuri.
Chete mune hwepamusoro-soro hweumambo hwaMwari,
hweseresitiyaro, ndimo muchaenderera mberi kubatana
kunorudo kweupenyu hwemhuri

Tose tinotarisa rufaro rwekugara mumhuri dzinoru-
do. Kune vamwe vedu, aya manzwiro atisina kumbova
nawo - manzwiro atinoziva kuti anokwanisika asi atisati
tatambira. Tingangove takaaona muupenyu hwevamwe.
Kune vamwe vedu, rudo rwemhuri rwakataridzika kuva
rwechokwadi uye runokosha chaizvo apo rufu parwa-
katiparadzana kubva kumwana, mai, baba, hanzvadzi,
mukoma, munin'ina, kana sekuru kana mbuya vanorudo
uye vanodikanwa.

Tose takanzwa tariro yokuti nerimwe zuva tinozokwa-
nisa kunzwa zvakare rudo rune tsitsi rwenhengo yemhuri
iyoyo yataida zvikuru uye iyo yatinodisira chaizvo iyezvi-
no kumbundirana nayo zvakare.

Baba vedu Vokudenga vanerudo vanoziva pfungwa
dzedu dzepamoyo. Chinangwa Chavo ndechokutipa
rufaro (ona 2 Nifai 2:25). Uye naizvozvo Vakapa chipo
cheMwanakomana Wavo kuitira kuti zvikwanisike kuva
nerufaro rwekubatana kwemhuri runoenderera mberi nari-
inhi. Nokuda kwekuti Muponesi akadimbura majoko erufu
tichazomutsa kuvakafa. Nokuda kwekuti akadzikinura
zvivi zvedu, tinokwanisa, nerutendo nerutendeuko rwedu,

kuva vakakodzera umambo hweseresitiyaro, umo mhuri
madzinosunganidzwa pamwechete murudo nariinhi.

Muponesi Akatuma Muporofita Erija kuna Joseph Smith
kunodzorera kiyi dzehupirisita (ona D&Z, 110). Nekiyi
idzodzo kwakauya simba rekusunganidza, iro rinopa chipo
chikurusa chaMwari kuvana Vavo-hupenyu hwekusingape-
ri mumhuri dzakasunganidzwa pamwechete nariinhi.

Ichi chipo chokuti mwana wese waMwari anouya
munyika anokwanisa kukumbira. Chikamu chimwechete
muzvitanu chevana vemweya Vavo chakaramba chipo Cha-
vo ichi munyika yemweya. Nokuda kwekushaya rutendo
rwakakwana uye nekuzopanduka kuri pachena, vaka-
sarudza kusambofa vakaziva rufaro rwechipo chaBaba
Vokudenga chemhuri dzokusingaperi.

Kwatiri isu takakunda pakuedzwa kwakakoshesesa
munyika yemweya tisati tauya pano pasi uye nokuda-
ro tikakodzera kutambira chipo chemiviri inofa, tichiri
kukwanisa kuita sarudzo inokosha yokutambira upenyu
hwekusingaperi. Kana takaropafadzwa zvokuwana vha-
ngeru rakadzorerwa, tinokwanisa kusarudza kuita noku-
chengeta zvibvumirano naMwari izvo zvinotikodzera
upenyu hwekusingaperi. Apo patinoshingirira nokura-
mba takatendeka, mweya Mutsvene unozosimbisa tariro
neruvimbo rwedu kuti tiri munzira yokuupenyu hwe-
kusingaperi, yekunogara mumhuri nariinhi muumambo
hweseresitiyaro.

Vamwe vanhu vangangotadza kunzwa zvikuru tariro
yokutambira rufaro rwekusingaperi irworu. Vabereki,
vana, hanzvadzi, madzikoma nevanin'ina vanogona kunge

vakaita sarudzo dzinotaridzika sedzinovatadzisa kukodzera upenyu hwekusingaperi. Ungangoshama kuti wati wako-dzereswa here kuburikidza neRudzikinuro rwaJesu Kristu.

Muporofita waMwari pane imwe nguva akandipa rairo iyo inondipa runyararo. Ndainetsekana kuti sarudzo dzepamwe dzingangoita kuti zvitadzike kuti mhuri yedu ive pamwechete nariinhi. Akati, “Uri kunetsekana pamusoro pedambudziko risiriuro. Kana ukangorarama zvinokodzera umambo hweseresitiyaro, mamiriro emhuri anozova akanakisisa kupfuura zvaungafungidzira.”

Kuna avo vose vane zviitiko zveupenyu zvavo pachavo kana vane muchato nevana - kana vasina muchato kana vana - zviri zvinhu zvinoderedza tariro dzavo dzeupenyu hwekusingaperi, ndinopa uchapupu hwangu kuti: Baba Vokudenga Vanokuziva uye Vanokuda semwana Wavo wemweya. Apo pawaiva navo neMwanakomana Wavo Anodikanwa upenyu huno husati hwavapo, Vakaisa mumoyo mako tariro yaunayo yeupenyu hwekusingaperi. Nesimba reRudzikinuro rwaJesu Kristu richishanda uye neMweya Mutsvene uchikutungamirira, unokwanisa kunzwa iyezvino uye uchanzwa munyika ichauya rudo rwemhuri urwo Baba vako neMwanakomana Anodikanwa Wavo rwavanodisira kuti utambire.

Ndinopupura kuti apo paunorarama zvakakodzera umambo hweseresitiyaro, vimbiso yehuporofita yekuti “mamiriro emhuri achava akanakisisa kupfuura zvaungafungidzira” ichava yako.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Funga kutanga nekutaurira avo vaunodzidzisa nezve nguva apo pawakatenda netariro yemhuri dzekusingaperi. Vakoke kufungisisa nguva idzo dzavakanzwa kute-nda nemhuri dzekusingaperi. Vabvunze kana vangada kugovera pfungwa dzavo pachavo nezve musoro wenyaya uno. Unokwanisa zvino kuvakoka kuti vafunge nenzve nzira dzavangava varinani nadzo uye vagorarama zvinokodzera umambo hweseresitiyaro kuitira kuti vimbiso yehuporofita “yemamiriro emhuri . . . akanakisisa kupfuura zvaungafungidzira” igokwanisa kuva yavo.

VECHIDIKI

Kugoverana Rufaro rwoKusingaperi

Chimwe chezvinhu zvakakanakisisa pamusoro pevhangeri ndeche ruzivo rwechirongwa cheruponeso. Tine mukana wakanakisisa wekuva nemhuri yedu noku-singaperi. Ruzivo irworwo runotibatsira kuva netariro

apo pose patinonzwa kukundwa nenyika. Mutungamiri Eyring vanodzidzisa kuti, “Baba vedu Vokudenga Vane-rudo Vanoziva pfungwa dzedu dzepamoyo. Chinangwa chavo ndeche kutipa rufaro (ona 2 Nifai 2:25). Uye naitzvovvo Vakapa chipo cheMwanakomana Wavo kuitira kuti zvikwanisike kuva nerufaro rwekubatana kwe-mhuri runoenderera mberi nariinhi. . . Ichi chipo icho mwana wese waMwari anouya munyika chaanokwanisa kukumbira.”

Ropafadzo iyoyo ndeye avo vedu vari kurarama iye-zvino uye neavo vakafa--asi chete kuburikidza nerubatsiro rwedu. Madziteteguru edu ari munyika yemweya iyezvino, vakatimirira kuti tigadzirire mazita avo kuitira kuti vagoitirwa zvisungo zve mutemberi. Asi dzimwe nguva zvinokwanisika kuva zvakaoma kuvaitira basa. Tinogona kunge tiine zvekuita zvakaomana, kana kuti tinogona kunge tichigara kure chaizvo netemberi zvokuti hatikwanisi kuendako nguva nenguva.

Chakanaka ndechokuti, kune dzimwe nzira dzatinokwanisa kubatsira nadzo madziteteguru edu, sezvakaita kuita basa renhorondo yemhuri, kuronga nekugadzirira mazita evafi kana kutaririra vana apo vabereki vedu pavanenge vaenda kutemberi. Nekubatsira, tinoshandira Ishe uye tinounza tariro yemhuri dzokusingaperi kuna avo vari kune rumwe rutivi rwechidzitiro.

VANA

Mhuri Ndedze Kusingaperi

Nokuda kweRudzikinuro rwaJesu Kristu nekudzorerwa kwekiyi dzehupirisita, tinokwanisa kugara nemhuri dzedu nariinhi! Chii chaunoda pamusoro pemhuri yako? Tevera mirairo iyi kuitira kuti ugadzire cheni yemapepa iyi kuti ukudze norufaro mhuri yako.

1. Peta bepa nepakati kaviri kuti uve nebepa dete rakareba rimwechete.
2. Tara munhu ane maoko anosvika kumicheto yakapetwa.
3. Cheka uchitevedzera pawatara munhu. Usacheka apo panobata maoko kumicheto yakapetwa
4. Penengura bepa iri Nyora kana kuti tara chimwe chinhu chaunoda nezve nhengo yemhuri yoga yoga.
5. Batanidza cheni dzakawanda pamwechete kana uine mhuri yakakura!

© 2016 Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzera dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/16. Mvumo yedudziro 6/16. Dudziro ye *First Presidency Message, August 2016*. Shona. 12868 731



Kuriritira Mhuri Pamwechete

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa "Mhuri: Chiziviso kuNyika" kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekupafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

"Murume nemukadzi vane basa rakakosha rokudanana nokutaririrana ivo nevana vavo."¹ "Mumba munofanira kuva nzvimbo iyo Mwari yaVanotidzidzisa rudo nekushandira," vakadaro mutungamiri Russell M. Nelson, Mutungamiri weChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri.

"Baba vedu Vokudenga Vanoda kuti varume nevakadzi vave vakate-ndeka pakati pavo uye kuti vako-shese nokubata vana vavo senhaka inobva kuna Ishe."²

Mubhuku raMormoni, Jakobho akati rudo rune varume kuvakadzi vavo, rudo rune vakadzi kuvarume vavo, uye rudo rwavaiva narwo vose vari vaviri kuvana vavo ndirwo rwaiva pakati pezvikonzero izvo maRamani paneimwe nguva aiva akarurama kupfuura maNifai (ona Jakobho 3:7).

Imwe yenzira dzakanyanya kuna-ka yokukoka nayo rudo neruyana-no mudzimba dzedu ndeyekutaura zvine tsitsi kunhengo dzemhuri dzedu. Kutaura zvinetsitsi kunounza Mwera Mutsvene. Sisita Linda K. Burton, mutungamiri mukuru weChita Chorubatsiro, akatikumbira

kuti tifunge kuti "Tinotaurirana manzwi ane tsitsi' tichida kakawanda zvakadii?"³

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

VaRoma 12:10; Mosaya 4:15; Dzidziso neZvibvumirano 25:5

Nyaya dzeVanhu Vanorarama Nhasi

Gosa D. Todd Christofferson weChikwata cheVaapositora vane Gumi neVaviri vakagovera chiitiko chehupwere chakavadzidzisa zvakadzama pamusoro pekukosha kwemhuri inerudo. Apo iye nevani-n'ina vake pavaiva vakomana vadi-ki, amai vavo vakaitwa operesheni huru yekurapa chirwere chegomara iyo yakaita kuti zvive zvino-rwadza chaizvo kwavari kushandisa ruoko rwavo rwekurudyi. Nemhuri yevana vakomana, kwaiva nembatya dzakawanda dzaida kuchiswa, asi apo amai vavo pavaichisa mbatya, kazhinji vaimbomira uye voenda kumupanda wavo wekurari-ra vonochema kusvikira vasisarw-dziwi zvakanyanya.

Apo baba vaGosa Christofferson pavakaona zvaitika, muchinyararire vakaregera kudya chidyo

chemasikati kwenguva ingangoita gore kuitira kuti vaunganidze mari yakakwana kutenga muchina waiita kuti kuchisa mbatya kuve nyore. Kuburikidza nerudo rwemukadzi wavo, vakamisa muenzaniso kuvanakomana vavo wekuriritira mumhuri. Nezve muenzaniso wetsitsi uyu, Gosa Christofferson vakati, "Ndakanga ndisingazive pamusoro peku-zvipira kwababa vangu nechii-cherudo kuna mai vangu panguva iyoyo, asi nokuti zvino nda-vakuziva, ndinozvitaaurira kuti, "Uyu ndiye murume" (anova muenzaniso wezvinofanira kuitwa nevarume vose).⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. "Mhuri: Chiziviso kuNyika" *Liahona*, Mbudzi 2010, 129.
2. Russell M. Nelson, "Salvation and Exaltation," *Liahona*, Kubvumbi 2008, 8.
3. Linda K. Burton, "We'll Ascend Together," *Liahona*, Kubvumbi. 2015, 31.
4. D. Todd Christofferson, "Let Use Be Men," *Liahona*, Mbudzi 2006, 46.

Funga Izvi

Kudanana nokutaririrana kunokoka sei Mwera mudzimba dzedu?